

VIZITÈ NAN LEKÒL:

Akoz sekirite elèv nou yo (pitit ou yo) ak anplwaye nou yo se premye priyorite nou, tout vizitè yo, enkli paran, dwe siyen nan biwo prensipal lekòl la, prezante yon pyès ID avèk foto bay pèsònèl lekòl la, epi resevwa yon badj/lesepase vizitè.

Nou pa pèmèt okenn vizitè antre nan lekòl la nan kelkeswa lè san yon lesepase. Nenpòt moun yo jwenn san lesepase y ap mennen li chèche youn nan biwo a. Moun ki pa obsève règleman an, y ap konsidere konpòtman li kòm yon ensidan sekirite majè.

Règleman Eta Florid

810.097 Antre nan lakou oswa bilding yon lekòl; penalti: arestasyon. (1) nenpòt moun ki (a) pa gen rezon lejitim pou l sou lakou lekòl la oswa nenpòt lòt otorizasyon, lisans, oswa envitasyon pou antre oswa rete sou pwopriyete lekòl la; oswa (b) se yon elèv ki aktyèlman anba sispansyon oswa ekspilsyon;

PRATIK KA DIJANS:

Li obligatwa pou lekòl yo pratike pwosedi repons nan Ka Dijans nan òganize Pratik pandan ane lekòl la. Pratik sekouris sa yo enki: Evakyasyon (Egzès evakyasyon), Entèripsyon,abri sou plas, ak move tan.

Tanpri, fè sèten ou konnen pandan Pratik egzèsis, y ap mande paran pou yo patisipe nan Pratik evakyasyon an epi suiv repons pwosedi ki gen rapò avèk evakyasyon.

Si ou rive sou kanpis la nan moman pratik evakyasyon an, y ap mande w pou rete deyò lekòl la jiskaske Pratik evakyasyon an fini.

Si ou andedan bilding nan epi yo mande w pou ale nan zòn pwoteksyon, ou p ap kapab soti pa anvan yo fini avèk Pratik evakyasyon an.

Si ou vin chèche pitit ou a nan lekòl la, y ap mande w pou rete tann jis aprè pratik evakyasyon on fini.

Toujou prè pou **defann** sekirite timoun nou yo.

VIN FÈ VOLONTÈ!

Pou siyen epi aprann plis kòman ou kapab ede, kontakte administratè lekòl pitit ou a!



Chèf Frank J. Kitzerow

Depatman Polis nan Distri Lekòl
Rejyon Palm Beach la

3330 Forest Hill Blvd., Ste B-127
West Palm Beach, FL 33406
(561) 434-8400



Depatman Polis nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

“Mwen se Sekirite Lekòl”

YON GID POU PARAN



“Paske nou tout jwe yon wòl enpòtan nan sekirite timoun nou yo”

REPONS NAN YON KA DIJANS

FASON OU KAPAB PREPARE POU YON KA DIJANS LEKOL:

Fè Sèten tout enfòmasyon kontak dijans ou yo resan e kòrèk. Kontakte lekòl la imedyatman nenpòt lè telefòn travay, lakay, oswa pòtab ou chanje.

Mete enfimyè lekòl la okouran sou nenpòt kondisyon sante oswa limitasyon fizik pitit ou a kapab genyen oswa medikaman pitit ou a kapab ap pran. Founi founiti medikal nesèsè ak medikaman pou l itilize chak jou ak medikaman adisyonèl pou pitit ou a pase moman dijans.

Idantifye kilès ki otorize pou vin chèche pitit ou a si w p ap kapab reponn. Fè sèten enfòmasyon pou kontak li yo resan e kòrè. Tanpri, konprann y ap lache pitit ou a sèlman bay paran ak moun yo idantifye sou lis kontak ka dijans. Li enpòtan pou avize lekòl la si w ap travèse okenn litij legal: pwoblèm sou dwa responsablite, Lòd sou Pwoteksyon, ak Gadyen.

Fè sèten pitit ou a konnen non paran l oswa non responsab li, adrès, ak nimewo telefòn. Si l gen yon sèl paran oswa responsab, pitit ou a ta dwe gen kontak enfòmasyon pou yon dezyèm adilt responsab.

Pale avèk pitit ou a sou enpòtans pou l rete kalm epi suiv enstriksyon anba yo nan ka dijans. Si genyen yon ka dijans ki rive pandan yo nan lekòl la, pwofesè klas la ap ba yo enfòmasyon ak entriksyon apwopriye.

Eksplike yo pa dwe itilize telefòn selilè pandan yon ka dijans. Sapè ponpye/sekouris ka dijans yo depann sou telefòn selilè pou kominikasyon. Si elèv ak paran yo ap eseye kontakte youn lòt, sikui telefòn selilè yo kapab vin twò chaje, entèfere avèk abilite pèsònèl ka dijans yo pou kominike bon jan enfòmasyon.

Nenpòt lè ou sou lakou lekòl la, obsève aktivite k ap dewoule andedan ak nan anviwon lekòl la. Rapòte nenpòt aktivite sispèk bay administrasyon lekòl la pou yo kapab envestige l.

REPONN YON KA DIJANS LEKÒL LA:

Pi bon repons yon paran nan yon ka dijans lekòl la se rete kalm, pran pasyans, epi rete tann enfòmasyon resan.

Li enpòtan pou w konprann pandan yon tèl sitiyasyon chak lekòl ak sekouris yo fè preparasyon pou fè fas avèk ensidan sa yo.

Tanpri, **pa rele lekòl la**. Li esansyèl pou nou kite liy telefòn yo louvri yon fason pou ofisyèl lekòl yo kapab fè apèl ijans deyò.

Tanpri, **pa vini lekòl la**. Kòm nou aprann sou ka dijans ki te pase nan lekòl la, youn nan pi gwo pwoblèm nou kounye a se jere konpòtman paran ak sitwayen konsène k ap kouri vin nan lekòl la pou “ede.” Lè yo fè sa, paran yo kapab envoltèman kreye anbouteyaj ki kapab bloke sekouris ka dijans yo pou yo rive nan sèn nan oswa kite sèn nan si sa nesessr pou transpòte elèv oswa estaf ki viktim nan sant medikal pou ka dijans.

- Rete kalm, suiv pwosedi epi kowopere avèk ofisyèl sekirite polis ak lekòl la.
- Rete atache avèk telefòn ki anrejistre nan lekòl la kòm kontak ka dijans ou
- Ouvè radyo ak televizyon sou estasyon ki fyab pou nouvèl;
- Jwenn enfòmasyon resan sou ensidan an ki soti nan sit entènèt Distri lekòl la.
www.PalmBeachSchools.org

Sonje pwosedi pou w vin chèche elèv yo diferan pase premye pwosedi yo. Nan ka kote yo mande w pou vin chèche pitit ou a nan lekòl la oswa nan zòn deziye pou fanmi rankontre, pote yon idantifikasyon ki gen foto w.

Pran pasyans. Li esansyèl pou pwosedi reyinifikasyon fanmi yo fèt nan lòd pou nou kapab pwoteje epi responsab pou elèv yo.

RESOUS ADISYONÈL

Liy Piblik kont Arasman:
(561) 982-0900

Daprè Depatman Edikasyon Eta Florid, yo defini arasman kòm yon blesi fizik yo enflije sistematik man epi ki vin tounen yon eta kwonik oswa detrès sikolojik pou youn oswa plis elèv ki sifi pou kreye entimidasyon, ostilite, oswa anviwònman ofansif, oswa enjerans derezonab sou pèfòmans oswa ranman patisipasyon endividyèl nan lekòl.

App pou pwoteksyon elèv

App teknoloji nimmewo 1 peyi a pou elèv, paran, estaf, ak fakilte pou rapòte menas ak aktivite sispèk yon fason anonym pou resevwa siyal sekirite otomatik espesifik lekòl la, enfòmasyon, ak yon touche pou apèl enstantane 911 ki voye polis dirèkteman nan kote ou ye a. Disponib GRATIS Pou Andrioid ak iOS.

Student Crime Stoppers(*Elèv Pou Konbat Krim*):
(800) 458-TIPS (8477)

Elèv yo kapab rapòte yon krim yon fason anonym epi resevwa yon rekonpans \$1,000 pou enfòmasyon konsènan yon krim oswa \$500 pou yon zam yo rejwenn. Pou pataje yon ide, elèv yo kapab rele liy apèl asistans oswa rale APP GRATIS (disponib pou Android ak iOS). Yo dwe idantifye yo kòm yon elèv ki fè apèl la. Yo kapab poze elèv la kèk kesyon, men yo p ap mande pou l bay non li. Y ap ba yo yon nimewo kod ak enstriksyon pou lè yo retounen apèl la konsènan sa y ap peye yo a. Si rezilta enfòmasyon yo te pataje a pote siksè, y ap ba yo plis enfòmasyon sou kòman pou yo resevwa rekonpans yo a.

Suiv nou sou Medya Sosyal!

Biwo Kominikasyon nan Distri Lekòl la se Pwen Santral pou tout dènye nouvèl. Suiv @PBCSD sou Facebook, Twitter ak Instagram!